

BAB V

PANUTUP

Ieu bab téh mangrupa bab pamungkas tina ieu laporan panalungtikan. Dina ieu bab téh dipedar ngeunaan kacindekan tina hasil panalungtikan anu geus dilakukeun. Anapon kacindekan hasil panalungtikan anu dipedar dina ieu bab téh mangrupa jawaban pikeun opat rumusan masalah anu dirumuskeun dina bab I (hiji). Salian ti éta, dina ieu bab ogé dipedar ngeunaan saran jeung rékoméndasi pikeun panalungtikan satuluyna.

5.1 Kacindekan

Dumasar pedaran hasil panalungtikan dina bab IV (opat), dicindekkeun sababaraha hal saperti ieu di handap.

- a. Siswa kelas XI SMA Laboratorium Percontohan UPI téh miboga sikep kasatiaan basa Sunda nu négatif. Ieu hal téh kapaluruh sacara langsung tina perséntaseu jawaban siswa kana 10 pertélaan ngeunaan sikep kasatiaan kana basa Sunda anu réréana ngajawab nétral, tapi hasil akumulasi perséntaseu jawaban siswa nu satuju jeung satuju pisanna aya dina katégori handap atawa négatif. Négatifna sikep kasatiaan basa Sunda siswa kelas XI SMA Laboratorium Percontohan UPI téh kapaluruh ogé tina pola makéna basa siswa dina komunikasi sapopoé, saperti dina komunikasi jeung indung, bapa, adi atawa ogé lanceuk, guru (mata pelajaran basa Sunda atawa mata pelajaran séjén), jeung babaturan (boh sakelas boh ti kelas séjén); sarta nalika keur diajar di kelas. Dina pola makéna basa nu disebutkeun, para siswa téh leuwih réa ngagunakeun basa Indonésia tibatan basa Sunda.
- b. Siswa kelas XI SMA Laboratorium Percontohan UPI ogé miboga sikep kareueus basa Sunda nu négatif. Ieu hal téh kapaluruh sacara langsung tina perséntaseu jawaban siswa kana 10 pertélaan ngeunaan sikep kareueus kana basa Sunda anu réréana ngajawab nétral, tapi hasil akumulasi perséntaseu jawaban siswa nu satuju jeung satuju pisanna aya dina katégori handap atawa négatif. Négatifna sikep kareueus basa Sunda siswa kelas XI SMA Laboratorium Percontohan UPI

téh kapaluruh ogé tina pola makéna basa siswa dina komunikasi sapopoé, saperti dina komunikasi nalika keur di *mall*, taman, transportasi umum, tempat ransportasi umum, jeung tempat dahar. Dina pola makéna basa nu disebutkeun, para siswa téh leuwih réa ngagunakeun basa Indonésia tibatan basa Sunda.

- c. Siswa kelas XI SMA Laboratorium Percontohan UPI téh miboga sikep kasadaran kana ayana norma basa Sunda nu négatif. Ieu hal téh kapaluruh sacara langsung tina perséntaseu jawaban siswa kana 10 pertélaan ngeunaan sikep kasadaran kana ayana norma basa Sunda anu réréana ngajawab nétral, tapi hasil akumulasi perséntaseu jawaban siswa nu satuju jeung satuju pisanna aya dina katégori handap atawa négatif. Négatifna sikep kasadaran kana ayana norma basa Sunda siswa kelas XI SMA Laboratorium Percontohan UPI téh kapaluruh ogé tina pola makéna basa siswa dina komunikasi sapopoé, saperti dina komunikasi jeung indung, bapa, adi atawa ogé lanceuk, guru (mata pelajaran basa Sunda atawa mata pelajaran séjén), jeung babaturan (boh sakelas boh ti kelas séjén); nalika keur diajar di kelas; sarta nalika keur di *mall*, taman, transportasi umum, tempat ransportasi umum, jeung tempat dahar. Dina pola makéna basa nu disebutkeun, para siswa téh leuwih réa ngagunakeun basa Indonésia tibatan basa Sunda.
- d. Aya genep faktor anu mangaruhan kana négatifna sikep kasatiaan, kareueus, jeung kasadaran kana (ayana norma) basa Sunda. Anapon éta genep faktor téh ngawengku faktor kasang tukang kulawarga siswa, pemeroléhan basa siswa, biasa atawa henteuna siswa dina ngagunakeun basa Sunda, lingkungan sabudeureun siswa, kasieun siswa dina ngagunakeun tatakrama basa Sunda, jeung pangaruh tina pangajaran basa Sunda di kelas. Patalina jeung faktor pangaruh tina pangajaran basa Sunda di kelas, siswa kelas XI SMA Laboratorium Percontohan UPI téh miboga sikep instruméntal dina pangajaran basa Sunda.

5.2 Saran jeung Rékoméndasi

Dumasar hasil tina ieu panalungtikan, nu nalungtik nepikeun sababaraha saran j

eung rékoméndasi pikeun sakabéh pihak anu ngarojong ieu panalungtikan, sarta pikeun panalungtikan satuluyna nu bakal dilakukeun. Anapon sababaraha saran jeung rékoméndasi anu ditepikeun ku nu nalungtik téh saperti ieu di handap.

- a. Pikeun pihak nu pakait di SMA Laboratorium Percontohan UPI minangka lokasi tina ieu panalungtikan, nu nalungtik meredih sangkan basa Sunda téh hirup di lingkungan internal sakola. Carana mah minimal ku meredih para siswa pikeun ngabiasakeun diri ngagunakeun basa Sunda dina komunikasi sapopoé, utamana mah ka sasama siswa nu urang Sunda.
- b. Pikeun guru basa Sunda salaku pihak anu marengan nu nalungtik salila ngalakukeun panalungtikan, diperedih sangkan leuwih ngarojong deui para siswa dina diajar basa Sunda, jeung bék dituna diajar budaya Sunda.
- c. Pikeun Wakasék Kurikulum SMA Laboratorium Percontohan UPI, nu nalungtik nyuhunkeun sangkan jam pelajaran basa Sunda téh ditambahan. Ieu hal téh sangkan para siswa bisa diajar basa Sunda sacara teleb, jeung matéri nu diulik téh kapedar sakabéhna.
- d. Pikeun Kepala Sekolah SMA Laboratorium Percontohan UPI atawa pihak nu pakait jeung penyelenggaraan kagiatan di sakola, nu nalungtik nyarankeun pikeun ngayakeun kagiatan kasundaan, saperti kagiatan “Rebo Nyunda”. Éta kagiatan téh minimal dilaksanakeun ku cara ngalakukeun paguneman jeung sakabéh warga sakola ngagunakeun basa Sunda unggal poé Rebo.
- e. Ieu panalungtikan téh dipiharep jadi réféensi pikeun panalungtikan satuluyna, utamana mah panalungtikan ngeunaan sikep basa Sunda.
- f. Sakabéh hal nu tacan kapaluruh dina ieu panalungtikan téh mudah-mudahan sing kapaluruh dina panalungtikan satuluyna.
- g. Panalungtikan satuluyna nu sarupa téh sing leuwih diasakkeun deui, utamana dina tahap tatahar. Ieu hal téh sangkan panalungtikan nu baris dilakukeun téh nyangking hasil anu nyugemakeun.